

BAB III

PADIKA PANALUNGTIKAN

Dina Bab III dipedar ngeunaan (1) désain panalungtikan (2) sumber data jeung data panalungtikan (3) téhnik ngumpulkeun data (4) pakakas panalungtikan jeung (5) téhnik ngolah data

3.1 Désain Panalungtikan


Désain panalungtikan ngagambarkeun léngkah-léngkah dina panalungtikan. Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikanna nya éta: (1) nangtukeun masalah; (2) studi pendahuluan; (3) ngawatesan jeung ngarumuskeun masalah; (4) nangtukeun sumber data; (5) ngararancang instrumén panalungtikan; (6) ngumpulkeun data; (7) ngolah data (8) kacindekan; jeung (9) nyieun laporan.

Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan lapangan (*file research*) ngagunakeun pamarekan kualitatif jeung métode nu digunakeun nya éta métode gabungan (*mixed methods*) yén pamarekan kualitatif miboga kaonjoyan jeung kahengkeran, métode gabungan nya éta cara pikeun nyampurnakeun ieu panalungtikan (Mustaqim, 2016). Panalungtikan wanda campur kode jeung wujud campur kode mangrupa data nu ngadeskripsikeun, ngajumlahkeun hasil panalungtikan, ogé ngadéskripsikeun faktor anu mangaruhan ayana campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda kelas X SMA Kartika XIX-2 Bandung.

Dumasar kana léngkah-léngkah anu geus dipedar saacanna, désain panalungtikan dijieun sangkan leuwih sistematis jeung prosés tina panalungtikanana leuwih gampang. Panalungtik ngamimitian ku observasi ka kelas, tuluy ngarekam ku alat éléktronik saperti *smartphone* salila prosés pangajaran basa Sunda kelas X lumangsung. Sanggeus kitu panalungtik nongton vidiona tuluy di transkripkeun dina wangun tinulis, campur kode nu kapanggih tuluy dipindahkeun kana kartu data digital, tuluy dipasing-pasingkeun dumasar kana wanda jeung wujudna, data anu geus dipasing-pasingkeun tuluy dianalisis diolah, jeung panalungtik nyieun kacindekan tina data nu geus ditalungtik. Désain dina ieu panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1

Désain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dumasar kana judul panalungtikan, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta campur kode siswa jeung guru atawa siswa jeung siswa nu aya dina prosés pangajaran basa Sunda kelas X SMA Kartika XIX-2 Bandung. Data dina ieu panalungtikan nya éta aya 4 vidio dina prosés pangajaran basa Sunda, durasi rekamanna saluyu jeung dua kali jam pelajaran atawa 2x35 menit. Sangkan leuwih jéntré bisa ditiénan tabél 3.1 di handap.

Tabél 3.1 Data

No	Judul Vidéo	Durasi
1.	Kelas X-1 Materi Aksara Sunda jeung Sawala Nyieun Komik Aksara Sunda	47:59
2.	Kelas X-2 Materi Aksara Sunda jeung Sawala Nyieun Komik Aksara Sunda	57:33
3.	Kelas X-3 Materi Aksara Sunda jeung Sawala Nyieun Komik Aksara Sunda	1:22:00
4.	Kelas X-4 Materi Aksara Sunda jeung Sawala Nyieun Komik Aksara Sunda	1:02:12

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta: (1) téhnik observasi mangrupa hiji téhnik nu dilakukeun sacara taliti jeung sistematis, (2) téhnik rekam (video) digunakeun pikeun ngarekam kajadian campur kode nu aya dina prosés pangajaran, (3) téhnik regep catet, jeung (4) téhnik wawancara pikeun panalungtik mikanyaho faktor nu mangaruhan campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda, kalawan léngkah-léngkah saperti di handap:

- 1) Panalungtik datang langsung ka sakola tuluy observasi ka kelas nu jadi objék panalungtikan.
- 2) ngaregepkeun jeung nyatét hal nu sakirana penting maké alat nya éta buku atawa pulpen.
- 3) panalungtik didieu ngarekam maké alat éléktonik saperti *smartphone* salila prosés pangajaran lumangsung.
- 4) Tuluy wawancara jeung guru ngeunaan faktor campur kode nu mangaruhan ayana campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda.

3.4 Pakakas Panalungtikan

Suharsimi Arikunto (dina Makbul, 2021, kc. 18) nétélakeun yén pakakas panalungtikan nya éta alat atawa métode nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, ngukur data, jeung nganalisis data nu relévan dina panalungtikan. Pikeun urang ngagampangkeun nganalisis wanda campur kode jeung wujud campur kode dina prosés pangajaran basa Sunda kelas X SMA Kartika XIX-2 Bandung, pakakas nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data saperti ieu di handap.

Tabél 3.2 Kartu Data Digital

Nomer/Kode Data	:	
Judul Vidio	:	
Kelas	:	
Waktu	:	
Palaku	:	
Kalimah	:	
Wanda Campur Kode	:	
Wujud campur kode	:	

Tabél 3.3 Wanda Campur dina Prosés Pangajaran Basa Sunda

No	Nomer Data	Data Kalimah	Unsur Campur Kode		Wanda Campur Kode	
			BI	BA	KJ	KL

Katerangan:

BI : Basa Indonesia

BA : Basa Asing

KJ : Ka Jero

KL : Ka Luar

ASSNKAS : Aksara Sunda jeung Sawala Nyieun Komik Aksara Sunda

G : Guru

S : Siswa

Tabél 3.4 Wujud Campur Kode dina Prosés Pangajaran Basa Sunda

No	Nomer Data	Kalimah	Wujud Campur Kode					
			K	F	B	I	Kla	KR

Keterangan:

K : Kecap
 F : Frasa
 B : Baster
 I : Idiom
 Kla : Klausa
 KR : Kecap Rajékan

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan téh aya sababaraha léngkah atawa prosés analisis nya éta

- 1) ngatransliterasikeun sakabéh data tina hasil rekaman nalika prosés pangajaran lumangsung kelas X di SMA Kartika XIX-2 Bandung;
- 2) data nu geus dikumpulkeun jeung di catet tuluy di pasing-pasingkeun kana kartu data digital dumasar kana wanda campur kode jeung wujud campur kode saperti tabél di handap;

Tabél 3.5 Wanda Campur Kode dina Prosés Pangajaran Basa Sunda

No	Nomer Data	Data Kalimah	Unsur Campur Kode		Wanda	
			BI	BA	KJ	KL

Tabél 3.6 Wujud Campur Kode dina Prosés Pangajaran Basa Sunda

No	Nomer Data	Kalimah	Wujud Campur Kode					
			K	F	B	I	Kla	KR

- 3) ngadéskripsikeun faktor campur kode tina hasil wawancara jeung guru nu aya dina prosés pangajaran basa Sunda; jeung
- 4) hasil panalungtikanana dicindékkeun.